

# Pale avèk Moun Sou Vaksen kont COVID-19 yo

Tande avèk respè, pataje istwa ou epi bay moun espas pou yo pran desizyon yo.

- **Respekte** dwa chak moun pou yo decide si wi oswa non yo ap pran vaksen.
- **Evite** diskisyon, eksprime jijman oswa di moun yo ta dwe pran vaksen.
- **Pran** poz pou ou bay moun espas pou pataje enkyetid yo.
- **Diskite** sou lasyans ak sou enkyetid pèsònèl yo.
- **Envite** moun yo pale ankò si yo pa prepare pou yo pran vaksen.

## 1. Kòmanse konvèsasyon an.

- Èske ou pako pran yon vaksen kont COVID-19?

## 2. Envite moun yo pataje nenpòt enkyetid yo gendwa genyen.

- Kijan ou santi ou konsènan vaksen kont COVID-19 yo?
- Kisa ki ta ka rann li pi fasil pou ou pran yon vaksen?

## 3. Rekonèt nenpòt enkyetid oswa eksperyans negatif pase yo mansyone.

- Mwen tande enkyetid ou yo sou...

## 4. Mande si ou kapab pataje istwa pa ou oswa sa ou konnen.

- Èske mwen kapab di ou sa mwen te aprann sou vaksen yo?

## 5. Bay enfòmasyon syantifik ki kòrèk.

Kite moun yo aprann sou done yo, resous yo, ak materyèl yo nan **nyc.gov/covidvaccine**, tankou:

- **Pran Vaksen an Jodi a!** [on.nyc.gov/get-vaccinated](https://on.nyc.gov/get-vaccinated)
- **Laverite Sou Vaksen kont COVID-19 yo** [on.nyc.gov/truth-vaccines](https://on.nyc.gov/truth-vaccines)



**NYC VACCINE FOR ALL:  
SAFE, FREE, EASY**

**NYC**  
Health

- **Kimoun ki Kapab Pran Vaksen kont COVID-19?**  
on.nyc.gov/receive-vaccine
- **Sante Repwodiktif ak Vaksen kont COVID-19 yo:**  
on.nyc.gov/reproductive-health-faq
- **Fason Vaksen kont COVID-19 mRNA la Mache:**  
on.nyc.gov/mrna-vaccines
- **Fason Vaksen Johnson & Johnson kont COVID-19 la Mache** on.nyc.gov/johnson-vaccine



## 6. Pataje pwòp eksperyans ou sou pran vaksen an.

- Mwen te deside ke risk pou pran vaksen an te ba konpare ak risk pou pran COVID-19 la ak pote li lakay bay fanmi mwen.
- Efè segondè mwen yo te...




## 7. Jwenn teren dantant nan idantifye kisa ki enpòtan pou yo ak priyorite ou pataje yo.

- Li sanble nou toude vle pwoteje fanmi nou yo.

## 8. Ofri asistans bay moun ki vle pran vaksen.

- Èske mwen kapab ede ou jwenn yon moman ak yon kote pou ou pran vaksen?



Vaksen kont COVID-19 yo disponib kounye a pou moun ki gen laj omwen 12 an. Ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder) oswa rele 877-829-4692 pou jwenn yon kote yo fè vaksinasyon toupre ou. Pou pran vaksen an adomisil, rele 877-829-4692 oswa ranpli fòmilè a nan [nyc.gov/homevaccine](https://nyc.gov/homevaccine) pou yon randevou.